

BAB III

Metode Panalungtikan

3.1 Metode Panalungtikan

Pamarekan anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta pamarekan kualitatif. Nurutkeun Sukmadinata (2006:60), panalungtikan kualitatif mangrupa panalungtikan nu ngadéskripsikeun jeung nganalisis fénoména, kajadian, kagiatan sosial, sikep, kapercayaan, persépsi, cara mikir individu atawa kelompok. Panalungtikan kualitatif miboga tujuan ngadéskripsikeun data ngaliwatan kekecapan atawa kalimah nu disusun pikeun ngahasilkeun kacindekan.

Metode anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta metode déskriptif analisis. Tujuan ieu metode nya éta pikeun ngagambarkeun objék panalungtikan. Luyu jeung Ratna (2004:53), métode déskriptif analisis nya éta ngadéskripsikeun fakta-fakta anu satuluyna disusul ku cara nganalisis. Prosedur anu dilakonan tina métode déskriptif ngawengku (1) analisis, (2) interprétasi, (3) évaluasi.


Metode déskriptif analisis dina ieu panalungtikan, digunakeun pikeun napsirkeun jeung ngajéntrékeun tina hasil nalungtik dongéng-dongéng di tutugan gunung Ciremai kabupaten Kuningan. Museur kana analisis struktural, ajén étnopédagogik jeung rélévansi bahan pangajaran di SMA.

3.2 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan mangrupa rarancang nu digunakeun pikeun nuduhkeun gambaran hiji hal atawa tahapan panalungtikan anu bakal dipigawé. Desain panalungtikan diébréhkeun dina wangun bagan tahap panalungtikan nu ngagambarkeun léngkah-léngkah panalungtikan. Ieu desain panalungtikan dibagankeun saperti kieu.

Bagan 3

Desain Panalungtikan



3.3 Tempat Panalungtikan

Tempat atawa lokasi ieu panalungtikan, di tutugan Gunung Ciremai. Sacara géografis, gunung Ciremai ngawengku dua kabupaten di Jawa Barat, nya éta Kabupaten Kuningan jeung Majalengka. Sangkan leuwih épéktif, ieu panalungtikan museur di tutugan Gunung Ciremai wilayah Kabupaten Kuningan, luyu jeung judul sarta tujuan panalungtikan.

Tutugan Gunung Ciremai wilayah Kabupaten Kuningan, ngawengku genap kecamatan; Darma, Cigugur, Jalaksana, Cilimus, Mandirancan, jeung Pasawahan. Tina genep kecamatan, panalungtik nangtukeun désa-désa *penyangga* nu bakal dijadikeun tempat panalungtikan, di antarana: Désa Sagarahiyang,

Puncak, Cisantana, Sukamukti, Linggasana, Séda, Cibuntu, jeung Pasawahan. Ieu di handap, mangrupa peta wilayah jeung data administratif kecamatan nu aya di tutugan Gunung Ciremai.

Tabél 3.1

Data Kecamatan di Tutugan Ciremai (Luas Wilayah jeung Administratif)

Kecamatan	Luas Wilayah	Jumlah Penduduk			Jumlah Désa
		Laki-laki	Perempuan	Total	
Darma	4.586.175 Ha	27.951	27.098	55.049	19
Cigugur	3.023.639 Ha	22.718	21.512	44.230	10
Cilimus	2.464.313 Ha	25.636	25.130	50.766	13
Jalaksana	1.719.603 Ha	23.996	23.474	47.470	15
Mandirancan	2.561.000 Ha	12.618	11.308	23.926	12
Pasawahan	3.278.105 Ha	12.423	11.960	24.383	10
Total	17.632.889 Ha	125.342	120.482	245.824	79

3.4 Data jeung Sumber Data

Data nu dipaluruh dina ieu panalungtikan nya éta téks dongéng di tutugan Gunung Ciremai wilayah Kabupaten Kuningan, bisa mangrupa téks lisan atawa citak. Dikumpulkeun kalayan ngagunakeun téhnik ngumpulkeun data. Aya dua data nu bakal dipaluruh ku panalungtik, data primer jeung data sekunder.

- 1) Data primer, nya éta data dina wangun vérbal atawa basa lisan, paripolah subjék atawa informan patali jeung variabel panalungtikan atawa data hasil ti réspodén sacara langsung (Arikunto, 2010:22).
- 2) Data sekunder, nya éta data hasil tina téhnik ngumpulkeun data pikeun ngajegkeun data primer. Ieu data bisa dihasilkeun tina observasi jeung studi pustaka. Bisa disebutkeun yén data sekunder mangrupa dokumén-dokumén grafis saperti catetan, SMS, foto, jeung sajabana (Arikunto, 2010:22).

Sumber data nya éta masarakat di sabudeureun tempat panalungtikan nu geus ditangtukeun. Diwatesanan ku umur, pangaweruh, jeung pangalaman patali

jeung dongéng-dongéng nu sumebar. Sangkan leuwih jéntré, narasumber diwatesan umurna minimal 35 taun. Patali pangaweruh jeung pangalaman, ieu narasumber bisa mangrupa tokoh masarakat atawa jalma nu dianggap nyangkem kana dongéng-dongéng nu sumebar di sabudeureunnana.

3.5 Téhnik Ngumpulkeun Data

Pikeun maluruh data nu luyu jeung tujuan panalungtikan, panalungtik ngagunakeun sababaraha téhnik ngumpulkeun data, nya éta; observasi, wawancara, jeung dokuméntasi.

1) Téhnik Observasi

Téhnik observasi digunakeun ku panalungtik pikeun maluruh informasi dongéng-dongéng nu sumebar di tutugan gunung Ciremai kabupaten Kuningan. Data nu dipiharep tina ieu téhnik nya éta informasi jeung kaayaan sosial budaya di tutugan Gunung Ciremai. Objék observasina nya éta palaku carita nu aya di sabudeureun tempat panalungtikan.

2) Téhnik Wawancara

Téhnik wawancara digunakeun pikeun maluruh informasi patali dongéng-dongéng nu luyu jeung jejer panalungtikan. Nurutkeun Danandjaja (2007:195-196), aya dua téhnik wawancara pikeun kaperluan panalungtikan, nya éta wawancara *directed* jeung wawancara *non directed*. Dua téhnik ieu miboga tujuan nu sarua, nya éta sangkan informan jeung panalungtik bisa leuwih akrab. Utamana, nya éta pikeun ngaéksplorasi dongéng nu sumebar di tutugan gunung Ciremai, ngawengku téks lisan jeung citak, sarta informasi patali jeung kaayaan sosial budaya di sabudeureun tempat panalungtikan.

3) Téhnik Dokuméntasi

Téhnik dokuméntasi dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun ngadokuméntasikeun fakta-fakta, bukti, profil daérah, sarta sakabéh data nu patali jeung panalungtikan. Alat nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta alat rékam; mangrupa kaméra, *handphone*, jeung alat séjénna nu sipatna bisa ngadokuméntasikeun.

3.6 Téhnik Analisis Data

Aya sababaraha hal anu bakal dianalisis ngagunakeun metode déskriptif sanggeus data kakumpulkeun. Léngkah-léngkah analisis ieu ngawengku lima tahapan. Kahiji, patali jeung kaayaan sosial budaya, géografis di wilayah sumebar dongéng-dongéng tutugan Ciremai nu geus ditangtukeun. Kadua, ngaidéntifikasi téks lisan atawa citak dongéng. Katilu, nganalisis struktur dongéng-dongéng di tutugan gunung Ciremai ngagunakeun pamarekan strukturalisme Levi-Strauss. Kaopat, nganalisis ajén-ajén étnopédagogik nu nyangkaruk dina dongéng-dongéng di tutugan gunung Ciremai. Kalima, rélevansi dongéng-dongéng nu geus dianalisis pikeun bahan pangajaran maca dongéng di SMA.

Analisis kaayaan sosial dilakukeun pikeun maluruh kaayaan émpiris masarakat di sabudeureun sumebar dongéng. Ieu prosés patali karya sastra (dongéng) mangrupa fénoména atawa gejala sosial. Antukna dibutuhkeun data-data pikeun nguatkeun objék panalungtikan. Ngaidéntifikasi jeung ngadéskripsikeun téks dongéng penting pisan dina panalungtikan. Ieu analisis patali jeung cara gawé panalungtik keur ngadéskripsikeun téks asli nu sumebar di masarakat, boh téks lisan atawa citak.

Analisis katilu, nya éta analisis struktural dongéng ngagunakeun pamarekan Levi Strauss. Léngkah-léngkah analisis ngadopsi cara gawé struktural nu diterapkeun ku Heddy Shri Ahimsa Putra.

- 1) Maca dongéng sagemblengna anu geus *disunting*. Tina prosés maca éta bakal kapaluruh pangaweruh patali jeung téma, eusi carita, tokoh, jeung kajadian-kajadian nu kaalaman ku tokoh-tokoh.
- 2) Tiap data (dongéng-dongéng di tutugan Gunung Ciremai) dibagi jadi sababaraha *episode*. Nangtukeun *episode* dina dongéng, pikeun

ngagampangkeun maluruh *ceriteme* jeung nu ngawangun skéma atawa pola carita.

- 3) Nangtukeun sistem *oposisi binair* nu ngawangun struktur-struktur luar. Ieu struktur luar satuluyna dipatalikeun jeung kasangtukang kabudayaan sumebarna dongéng, anu ahirna ngahasilkeun struktur jero. Dumasar tempat panalungtikan kasangtukang budaya ayana dongéng nya éta budaya Sunda. Ti dinya, bakal ngahilkeun struktur jero jeung bisa kapaluruh ma'na nu nyangkaruk dina dongéng.

Analisis étnopédagogik nya éta pikeun maluruh ajén-ajén kaaripan lokal nu nyangkaruk dina dongéng nu sumebar di tutugan Gunung Ciremai. Tujuan nganalisis ieu étnopédagogikk, pikeun ngadokuméntasikeun jeung mekarkeun ajén-ajén dumasar kana kaaripan lokal.

Hasil panalungtikan, satuluyna dijieun alternatif bahan pangajaran maca dongéng di SMA. Nyieun kacindekan tina hasil panalungtikan, sarta saran pikeun nu maca hasil panalungtikan.

3.7 Instrumén Panalungtikan

Instrumén diperlukeun pikeun meunangkeun data. Numutkeun Arikunto (2010:203), instrumén nya éta pakakas anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data, sangkan pagawéan leuwih gampang jeung meunangkeun hasil nu hadé, dina harti taliti, lengkep, sistemis, jeung leuwih gampang ngolahna. Sedengkeun Ratna (2010:248), instrumén utama dina hiji panalungtikan nya éta panalungtik.

Dumasar kana pamarekan di luhur, dina ieu panalungtikan anu dijadikeun instrumen utama nya éta panalungtikna sorangan, jeung ngagunakeun pedoman wawancara. Pedoman wawancara dina ieu panalungtikan nya éta pedoman wawancara henteu *berstruktur*, di mana informan teu kawatesanan dina ngébréhkeun pamadegan jeung pangaweruh ngeunaan dongéng. Alat anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data di antarana kaméra, alat rékam, catetan lapangan jeung pedoman wawancara.

Tabel 3.1
Pedoman Wawancara

No	Identitas Narasumber	
	Ngaran	
	Umur	
	Warna jinis	
	Pakasaban	
	Atikan	
	Basa nu dipaké sapopoé	
	Padumukan	
2	Dongéng di tutugan Gunung Ciremai	
	Judul Dongéng	
	Eusi Dongéng	

3.8 Wangenan Oprasional

Pikeun nyingkahan salah tapsir istilah anu dipaké dina ieu panalungtikan, panalungtik méré wangenan oprasional saperti di handap.

- 1) Dongéng di Tutugan Gunung Ciremai

Dina ieu panalungtikan, dongéng di tutugan Gunung Ciremai nya éta karya sastra dina wangun prosa lancarana nu sumebarna sacara lisan jeung turun-tumurun ti hiji generasi ka generasi saterusna.

2) Struktural

Kajian struktural dongéng-dongéng di tutugan Gunung Ciremai mangrupa analisis unsur-unsur nu ngawangun caritana. Dina ieu panalungtikan, digunakeun pamarekan struktural Levi Strauss.

3) Étnopédagogik

Étnopédagogik nya éta prakték atikan nu basisna *kaaripan lokal* dina rupa-rupa hal.

4) Bahan Pangajaran

Bahan pangajaran nya éta salasihiji tina komponén sistem pangajaran nu mangrupa informasi, alat, atawa téks pikeun diimplementasikeun ku guru ka murid.